SA MOUN KI APLIKE POU PRÈ IPOTÈK BEZWEN KONNEN

Antanke yon aplikan pou yon ipotèk rezidansyèl, ou gen dwa pou:

- Konpare epi negosye frè nan men diferan koutye ak kreditè ipotèk pou jwenn pi bon prè posib pou ou.
- Mande koutye ipotèk ou a eksplike w responsabilite li nan pwosesis ipotèk la.
- Konnen konbyen lajan koutye ipotèk la ap resevwa nan men ou menm ak kreditè a pou prè w la.
- Yon eksplikasyon klè ak onèt sou tèm ak kondisyon prè a, ki gen ladan:
    - Si prè y ap ofri a se yon prè ipotèk ak yon to fiks oswa yon to varyab;
    - si prè a ka transfere oswa refinanse;
    - montan egzat peman mansyèl ou yo;
    - Nenpòt peman pwograme nan depo fidisyè a (kont garanti a); epi
    - to pousantaj anyèl final la (APR).
- Resevwa yon estimasyon, nan twa jou ouvrab apre aplikasyon pou prè ou a epi anvan ou aksepte prè a epi peye nenpòt frè, ki detaye tout frè prè a ak règleman yo, ki gen ladan, men pa limite ak:
    - frè aplikasyon prè a;
    - frè rechèch tit ak asirans;
    - frè avoka kreditè a;
    - frè evalyasyon pwopriyete;
    - enspeksyon;
    - frè anrejistreman;
    - frè peman an reta;
    - taks transfè;
    - frè rediksyon enterè (pwen) ak dosye; epi
    - balans depo fidisyè yo (kont garanti yo).
- Ki sèvis yon aplikan pou prè ka achte ak pa ka achte.
- Jwenn konsèy sou kredi anvan ou fèmen yon prè.
- Deside si ou vle finanse yon pòsyon nan pwen yo oswa frè yo.
- Refize achte asirans kredi pou nenpòt prè ipotèk.

Yo elabore bwochi sila epi distribiye li nan konfòmite ak atik 35 nan Lwa Labank Eta New York.

- Fè yon pwofesyonèl endepandan ki gen lisans evalye pwopriyete w la epi resevwa yon kopi evalyasyon an.
- Pa sibi pratik fo maketin komèsyal.
- Mande bwochi Biwo Pwoteksyon Finansye Konsomatè a " Your home loan toolkit." (Bwat zouti ou pou prè pou kay).
- Resevwa dokiman ki annapre yo, ansanm ak tout dokiman ki nesesè pou yo ba ou lè w finalize tranzaksyon an dapre lalwa federal ak lalwa Eta New York:
    - Estimasyon prè oswa estimasyon bon lafwa ki baze sou prè w ap aplike pou li a.
    - Divilgasyon finalizasyon.
- Konnen ki depo ak frè ki pa ranbousab si ou deside anile akò prè a.
- Resevwa alekri rezon ki fè yo refize oswa apwouve aplikasyon kondisyonèl pou prè w la.
- Si w ap refinanse, anile yon prè nan twa jou apre finalizasyon an lè w bay yon avi anilasyon alekri bay bank ipotèk la oswa enstitisyon bankè a.
- Resevwa divilgasyon finalizasyon an twa jou anvan finalizasyon an.
- Fè rezoud nenpòt dispit sou prè ou a yon fason ki jis e ekitab.
- Resevwa yon desizyon sou aplikasyon pou prè w la ki pa baze sou ras ou, koulè ou, orijin nasyonal ou, relijyon ou, sèks ou, eta sivil ou, oryantasyon seksyèl ou, andikap ou, oswa si w ap resevwa asistans piblik.
- Depoze yon plent nan Depatman Sèvis Finansye a (DFS) oswa Biwo Pwoteksyon Finansye Konsomatè a (CFPB) si ou kwè yon koutye ipotèk oswa yon lòt antite ki gen lisans DFS oswa CFPB te vyole yon règ, règleman oswa lwa ki gouvène konduit moun sa a nan travay avè w pou jwenn oswa trete yon prè ipotèk.
- Ou ka depoze plent nan CFPB oswa DFS nan telefòn oswa sou entènèt:
    - Biwo Pwoteksyon Finansye Konsomatè: www.CFPB.gov/complaint oswa rele (855) 411-2372 oswa TTY/TDD: (855) 729-2372 ant 8 a.m. and 8 p.m. ET, Lendi jiska Vandredi.
    - Depatman Sèvis Finansye Eta New York (DFS): www.DFS.ny.gov/complaint oswa rele (800) 342-3736 ant 8:30 a.m. and 4:30 p.m. ET, Lendi jiska Vandredi.
- Depoze yon plent nan Depatman Deta New York si ou kwè yon ajan byen imobilye te vyole règ, règleman oswa lwa ki gouvène konduit moun sa a pandan l ap travay avè w pou achte yon kay. Ou ka depoze plent nan Depatman Deta Nouyòk la nan telefòn oswa sou entènèt:
    - Depatman Deta New York: www.DOS.ny.gov/file-consumer-complaint oswa rele (800) 697-1220 ant 8:30 and 4:30 p.m. ET, Lendi jiska Vandredi.

Yo elabore bwochi sila epi distribiye li nan konfòmite ak atik 35 nan Lwa Labank Eta New York.